



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 15 out 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON LÒT ETAP POU VANSE NAN PWOJÈ AMELYORASYON ESPAS SÈVIS
PON PEACE**

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon lòt etap nan efò eta a ap fè pou amelyore espas sèvis Pon Peace nan Etazini, kòm yon blòk teren enpòtan ki pral yon pati santral espas sèvis ki transfòme a sou wout kounye a pou vin anba kontwòl eta a. Ofisyèl New York yo te travay anpil avèk ofisyèl Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) Etazini, tankou vwayaj pou ale nan Washington, D.C. pou ede fasilite aksyon jodi a.

Blòk teren an te gen ladan yon mezon retrèt anvan, epitou li te lib pandan sèt (7) ane. Pwopriyete a te gen plizyè dwa privilèj sou li, tankou yon dwa privilèj \$8 milyon dola HUD posede, ki te anpeche eta a pran teren an pou re-devlope li. Peace Bridge Authority (PBA) jodi a genyen nan yon lavant ozanchè HUD pou pwopriyete a, pou achte dwa privilèj la pou \$1 milyon dola, epi pou ede netwaye wout pou teren an ki dwe devlope kòm pati nouvo espas sèvis Pon Peace.

Gouvènè Cuomo di konsa, "Anons jodi a se yon lòt viktwa pou pwojè agrandisman espas sèvis Pon Peace. New York te travay ansanm avèk HUD pou mete eta a nan pozisyon pou pran kontwòl teren sa a pou prevwa travay devlopman pou kòmanse san pèdi tan. Mwen bat bravo pou patnè nou yo na HUD ak nan Peace Bridge Authority pou travay di yo sou eta enpòtan sa a nan efò nou yo pou remake kalfou enpòtan sa a ant Etazini ak Kanada."

Aksyon jodi a mache sou tras anons Gouvènè a nan dat 4 out ki endike yo te jwenn yon premye akò ant Eta New York ak Vil Buffalo konsènan transfè yon pòsyon de (2) blòk Busti Avenue.

Okòmansman, HUD pat kalifye PBA kòm yon soumisyonè elijib pou pasèl teren an. Kòm yon rezilta kolaborasyon ant biwo Gouvènè a, ofisyèl PBA ak ofisyèl HUD, yo te deklare PBA kalifye pou fè òf nan lavant ozanchè pwopriyete. Yo prevwa pou konsève Chapèl Istorik Hutchinson, ki sou yon pasèl blòk teren an pou itilizasyon pidevan.

Enfòmasyon sou pwojè amelyorasyon Pon Peace:

Nan Diskou 2012 li sou Sitiyasyon Eta a, Gouvènè Cuomo te pwopoze kèk amelyorasyon pou espas sèvis Pon Peace Etazini. Nan Pwogram NY Works yo Lejislati Eta New York te vote nan bidjè 2012-2013 Eta New York, yo te afekte \$15 milyon dola pou agrandisman espas sèvis Pon Peace Etazini, ak amelyorasyon asosye, tankou pwojè kominotè. Mouvmman sou de (2) pwojè sa yo dwe fèt depi lontan epi li reprezante vrè pwogrè sou amelyorasyon enfrastrikti ki enpòtan pou pwogrè ekonomik Buffalo. Answit, pwojè sa yo ajoute sou dènye amelyorasyon ki fèt sou bò kanadyen Pon Peace.

Modènizasyon ak amelyorasyon bilding komèsyal Ladwàn ap diminye blokis sikilasyon machin yo anpil, epitou l ap fasilite travay ladwàn. Answit, konstwiksyon bilding ladwàn yo pral kreye anpil santèn nouvo djòb, epitou l ap lanse ekonomi zòn nan. Nouvo bilding nan ap bay yon platfòm pou yon gouvènman itilize nan fwontyè a avèk yon dispozisyon operasyonèl ki pi efikas ak pi bon entegrasyon pami ajans enspeksyon federal enpòtan yo. Paske Pon Peace se youn nan kwazman komèsyal ki gen plis aktivite sou fwontyè nò a, li nesesè pou New York gen enfrastrikti teknolojik pou siblaj avanse kagezon komèsyal yo k ap vini Ozetazini. Ajans ranfòsman federal yo ap gen pi bon mwayen pou pran desizyon rapid anvan kamyon yo rive sou fwontyè a, sa k ap bay pi bon sekirite ak mwens tan reta nan liy komèsyal yo.

Pon Peace se dezyèm kwazman ki gen plis vwati ak kamyon komèsyal ant Kanada ak Etazini. Yo estime 74.000 djòb Eta New York ak prèske 17,2 milya dola nan revni lavant ak taks federal yo fè nan eta a chak ane depannde sikilasyon machin yo sou Pon Peace.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418